

Edikasyon sou Byennèt pou Nouvo Moun (NEW)

Seri videyo Sant Ekselans Minnesota pou Sante Nouvo Moun Kap Vini yo

Patisipe nan pwojè edikasyon gratis sa a pou resevwa videyo kout ki bay enfòmasyon sou sante nan lang pa ou – dirèkteman sou telefòn ou!

Kisa li ye?

- Edikasyon sou sante ki senp avèk videyo kout atravè tèks sou telefòn ou
- Li konplètman gratis


Kiyès ki ka patisipe?

- Moun ki fèk rive Ozetazini ki vle aprann plis sou sante yo
- Nenpòt moun kap chèche konsèy sou sante nan lang pa yo



Enskri pou aprann sou:

- Kijan pou jwenn entèpretasyon gratis nan klinik
- Ki lè pou ale kay doktè, nan sèvis ijans oswa lopital
- Swen dantè ak swen pou je
- Manje ki bon pou sante ak kijan pou jere estrès



Edikasyon sou Byennèt pou Nouvo Moun (NEW)

(<https://forms.web.health.state.mn.us/ht/form/coe-new>)



Eskane ak kamera telefòn ou

Kesyon? Kontakte nou:

MNCOENewcomerHealth@state.mn.us



Videyo edikatif sa yo se pou bay enfòmasyon jeneral sèlman. Yo pa bay konsèy medikal. Toujou pale ak doktè ou oswa yon lòt pwofesyonèl swen sante pou nenpòt konsèy oswa kesyon ou genyen sou sante ou.

Minnesota Center for Excellence in Newcomer Health resevwa sipò atravè sibvansyon 1 NU50CK000563 ki soti nan U.S. Centers for Disease Control and Prevention (CDC).